



Fòmasyon edikatif MassHealth pou edan nan swen pèsònèl (PCA)

Règ sou è sipleman tè

Règ sou è sipleman tè yon PCA

Kisa règ sou è sipleman tè PCA yo ye?

Selon règlemantasyon pwogram PCA a, è sipleman tè se tout è travay ki anplis pase 50 è pa semèn.

Kliyan ka pwograme yon PCA pou l travay pou jouk 50 è pa semèn san yon otorizasyon pou è sipleman tè. PCA gendwa travay plis pase 50 è pa semèn si PCA a gen yon otorizasyon MassHealth pou è sipleman tè.

Li entèdi pou PCA travay plis pase 60 è pa semèn kèlkeswa sikonstans lan.

Kòman è sipleman tè nan pwogram PCA a mache?

Lè yon kliyan bezwen pou PCA li a travay plis pase 50 è pa semèn, se pou kliyan an mande pou yon otorizasyon pou PCA sa a.

Se pou kliyan yo mande pou yon otorizasyon pou è sipleman tè konfòmman ak polis pou è sipleman tè PCA a www.mass.gov/PCAOvertime

È sipleman tè kalkile nan ansanm lan. Sa vle di yon PCA ki travay pou plis pase yon kliyan dwe pou l konsidere tout è li travay pou tout lòt kliyan li yo. Sa ap ede l detèmine si kliyan li an gen pou l mande pou yon otorizasyon pou PCA a ka travay è sipleman tè.

Pa egzanp, John travay pou de kliyan (kliyan A e kliyan B). John travay 30 è pou kliyan A e travay 30 è pou kliyan B. Se pou John di toude kliyan li yo li travay 60 è ototal pou toude kliyan li yo. Sa vle di toude kliyan John yo fèt pou yo mande PCM pa yo a pou yon otorizasyon pou è sipleman tè. Si okenn nan yo mande yon otorizasyon pou John, ni John ni kliyan li yo ap fè vyolasyon règ sou è sipleman tè yon PCA. Yo gendwa revoke yo nan pwogram PCA a.

Otorizasyon pou è sipleman tè se pou toude kliyan ak PCA li a. Se pou PCA a gen anplas yon otorizasyon pou è sipleman tè lè kantite total è li travay pou kliyan an depase 50 è pa semèn.

Kòman pou mande pou yon otorizasyon pou è sipleman tè

Kliyan dwe kontakte PCM pa yo a pou mande pou yon otorizasyon pou è sipleman tè. MassHealth gen de diferan kalite otorizasyon pou è sipleman tè.

TIP OTORIZASYON AN AK DETAY	DIRE	È TRAVAY KI OTORIZE	REZON KI AKSEPTAB POU DEMANN LAN	TIP DOKIMAN KI OBLIGATWA
OTORIZASYON TANPORÈ	Pou jouk 12 semèn	50 è epi plis, men pa plis pase 60 è pa semèn	– Kliyan an bezwen è pou anboche plis PCA	Omwen youn nan sa ki annapre la a: – Piblisite enprime ki pwopoze anplwa PCA oubyen pibliye nan nenpòt sit wèb oubyen medya sosyal, tèlke anyè PCA a – Fòmilè revokasyon PCA avèk yon rezon presi ki founi

TIP OTORIZASYON AN AK DETAY	DIRE	È TRAVAY KI OTORIZE	REZON KI AKSEPTAB POU DEMANN LAN	TIP DOKIMAN KI OBLIGATWA
			– Kliyan an prevwa yon vwayaj andedan peyi Etazini, ki gen ladan teritwa li yo, e li pa t ap posib pou l ale avèk plizyè PCA pou yo founi sèvis PCA pou kliyan an	– Dat vwayaj ki koresponn ak demann lan
OTORIZASYON TANPORÈ	Pou jouk 12 semèn	50 è epi plis, men pa plis pase 60 è pa semèn	– PCA a/yo kite travay sanzatann	– Lè sa disponib, prèw PCA a kite anplwa li a sanzatann (lèt demisyon oubyen lòt dokiman)
			– PCA kliyan an pa disponib tanporèman	– Deklarasyon PCA a ki eksplike rezon ki fè li pa disponib tanporèman, oubyen rezon l ap pran yon konje kout, e dat konje a
			– Kliyan an ap resevwa swen palyatif	Omwen youn nan sa ki annapre la a: – Rezime sou pos-ospitalizasyon e egzeyat, nòt doktè a, oubyen tout lòt dokiman pou soutyen klinik ki koresponn ak demann lan – Rekòmandasyon oubyen plan swen palyatif
			– Kliyan an gen yon bezwen medikal tanporè pou pwograme pou PCA a travay è sipleman tè pou è PA ki apwouve, sa gen ladan pos-ospitalizasyon egi OUBYEN etablisman swen enfimye	Omwen youn nan sa ki annapre la a: – Rezime sou pos-ospitalizasyon e egzeyat, nòt doktè a, oubyen tout lòt dokiman pou soutyen klinik ki koresponn ak demann lan – Prèw pou bezwen ADL entansif ki asosye avèk yon dyagnostik fòmèl (dosye medikal elektwonik, lèt doktè)

TIP OTORIZASYON AN AK DETAY	DIRE	È TRAVAY KI OTORIZE	REZON KI AKSEPTAB POU DEMANN LAN	TIP DOKIMAN KI OBLIGATWA
OTORIZASYON POU SWEN KONTINYE (CONTINUITY OF CARE, COC)	Dire PA a pou sèvis PCA	50 è epi plis, men pa plis pase 60 è pa semèn	– Kliyan an bezwen tan pou l anboche lòt PCA sipleman tè poutèt kliyan an gen youn oubyen plis sikonstans ki fè li difisil pou l anboche lòt PCA	– Prè v ki asosye avèk sikonstans presi ki fè li difisil pou kliyan an anboche lòt PCA – Dokimantasyon ki di kliyan an ap aktivman rekrite PCA, tèlka òf anplwa, repons, etc. – Revokasyon PCA avèk yon rezon presi pou revokasyon an
OTORIZASYON POU SWEN KONTINYE (CONTINUITY OF CARE, COC)	Dire PA a pou sèvis PCA	50 è epi plis, men pa plis pase 60 è pa semèn	– Kliyan an resevwa swen palyatif – Kliyan an gen yon bezwen medikal ki nesite swen ADL entansif epi gen pou l pwograme PCA a pou l travay è sipleman tè PA ki otorize. Sa gen ladan l tou pos-ospitalizasyon egi OUBYEN pos-etablisman enfimye kalifye.	Omwen youn nan sa ki annapre la a: – Rezime sou pos-ospitalizasyon e egzayat, nòt doktè a, oubyen tout lòt dokiman pou soutyen klinik ki koresponn ak demann lan – Rekòmandasyon oubyen plan swen palyatif – Prè v pou bezwen ADL entansif ki asosye avèk yon dyagnostik fòmèl (dosye medikal elektwonik, lèt doktè)

Kòman vyolasyon règ sou è sipleman tè yo fonksyone?

Gen yon vyolasyon lè PCA a travay omwen yon fwa plis pase 50 è nan yon semèn san yon otorizasyon pou è sipleman tè. Vyolasyon ka rive konsekutivman (pa egzans, de peryòd peman youn apre lòt) oubyen ant plizyè semèn.

Vyolasyon yo ap reinisyalize apre konfòmite pandan senk peryòd peman konplè (10 weeks).

PCA k ap travay pou plis pase yon kliyan **dwe** konte kantite è yo travay antou pou tout kliyan pa yo pou garanti yo pa travay plis pase 50 è san yon otorizasyon pou è sipleman tè.

Kliyan dwe pale avèk PCA pa yo a. Si yo travay pou lòt kliyan, se pou yo di w ki kantite è yo travay an total pou garanti yo pa travay plis pase 50 è san yon otorizasyon pou è sipleman tè.

Ki è ki konte nan è sipleman tè?

Limit è sipleman tè a valab sèlman pou è yon PCA founi sèvis MassHealth PCA kouvri. Li enpòtan pou PCA e kliyan konsidere è sa yo.

- È travay òdinè
- È travay sipleman tè

- iii. È travay nan jou konje
- iv. È obligasyon jiri (è sa yo make nan yon papye pou relve tan kòm è travay òdinè, e yo ajoute nan PA a)

Limit è sipleman tè a pa aplike pou

- i. È pou deplasman
- ii. Konje peye (PTO)
- iii. È pou fòmasyon EVV
- iv. È NHO
- v. Lòt è pou fòmasyon PCA jwenn peman pou yo

Pwosesis konfòmite

- a) **Vyolasyon:** Yon PCA travay plis pase 50 è nan yon sèl semèn san yon otorizasyon pou è sipleman tè.
- b) **Avi:** Entèmedyè fiskal (fiscal intermediary, FI) pral voye yon mesaj nan Everbridge (imèl, tèks). Y ap voye tou yon avi nan lapòs pou chak vyolasyon ki anrejistre pou chak kliyan oubyen PCA.
 - i. Avi #1: Enfòmè PCA e kliyan sou yon premye vyolasyon
 - ii. Avi #2: Enfòmè PCA e kliyan sou yon dezyèm vyolasyon
 - iii. Avi #3: Enfòmè PCA e kliyan sou yon twazyèm vyolasyon e voye yo bay MassHealth pou posiblité yon revokasyon.

Revokasyon nan pwogram PCA a

MassHealth emèt yon revokasyon nan pwogram PCA a lè kliyan an e PCA a fè twa vyolasyon règ sou è sipleman tè yo.

- Toude PCA a e kliyan an revoke lè PCA a travay pou kliyan sa a sèlman, e yo faktire twa fwa pou plis pase 50 è pa semèn san yon otorizasyon pou è sipleman tè.
- Sèl PCA a revoke lè PCA a travay pou plizyè kliyan epi bay yon fakti nan twa diferan okazyon pou plis pase 50 è pa semèn pou tout kliyan li yo.
- MassHealth enfòmè PCA a e kliyan an sou revokasyon an nan yon avi nan lapòs. MassHealth ap deside si revokasyon an ap an vigè tousuit oubyen nan yon dat pi devan.
- PCA ki revoke ap gen entèdiksyon pou travay kòm PCA pandan 9 mwa apre dat revokasyon an.

Pwosesis efasman

MassHealth gendwa reinisyalize vyolasyon yo nan kèk sikonstans.

- i. Vyolasyon yo gendwa reinisyalize lè kliyan an oubyen PCA a bay prèv yo faktire pou plis pase 50 è nan yon semèn san otorizasyon pou è sipleman tè poutèt yon ijans oubyen yon sitiyasyon ki pa t prevwa.
- ii. Vyolasyon ap reinisyalize apre konfòmite pandan senk peryòd peman konplè (10 semèn).

Reyadmisyon nan pwogram lan

PCA:

- i. PCA gendwa tounen nan mendèv PCA MassHealth la sou 9 mwa apre dat revokasyon an.
- ii. Si, apre retou nan mendèv la, PCA a kontinye fè vyolasyon règ sou è sipleman tè yo e gen yon twazyèm vyolasyon pou yon dezyèm fwa, PCA a ap kanpe e entèdi pou toujou pou l travay kòm yon PCA nan pwogram MassHealth la.

Pa egzanp, PCA a te revoke nan pwogram lan poutèt vyolasyon polis sou è sipleman tè. Apre 9 mwa, PCA a admisib ankò pou l founi kliyan sèvis PCA. Si PCA a kontinye fè vyolasyon règ è sipleman tè a e resevwa twa enfraksyon, MassHealth ap revoke PCA sa a pou toujou.

Kliyan yo ap ka retounen selon diskresyon MassHealth.

Resous sipleman tè:

Pou plis enfòmasyon sou règ è sipleman tè yo, wè tanpri règlemantasyon pwogram PCA a nan 130 CMR 422.422.

Ou ka monte tou nan <https://www.mass.gov/regulations/130-CMR-422000-personal-care-attendant-services> oubyen nan <https://www.mass.gov/PCAOvertime> pou wè polis PCA sou è sipleman tè.